УДК: 371.4

# ОҚЫТЫЎШЫЛЫҚ КӘСИБИ ҲӘМ ОНЫҢ ТИЙКАРҒЫ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

**Айтымбетов М.З**

**Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети**

Мәмлекетимизде ғәрезсизликке ерискен дәслепки ўақытлардан-ақ билимлендириў тараўына, жетик қәнийгелерди таярлаў ислерине оғада әҳимийетли мәселе сыпатында қаралды. Билимлендириў тараўы алдына анық мақсет қойылып, бир қатар ўазыйпалар белгиленди.

Бул ҳаққында Президент И.А.Каримов 1997-жыл, 29-августтағы Олий Мажлистиң IX сессиясында «Бизге мектеп питкериўшилери емес, мектеп тәлим-тәрбиясын алған шахслар керек…» деп билимлендириў, соның ишинде улыўма билим бериў мектеплеринде кәмил инсанларды тәрбиялаў мәселелери, тәлим-тәрбия ислери ҳаққында өзиниң терең тәрбиялық мазмундағы пикирлерин билдирип өткен еди. Солай екен, ҳәзирги илим ҳәм техниканың тез пәт пенен раўажланған дәўиринде жас әўлад тәрбиясы, олардың интеллектуал потенциалын жоқарылатыў, жәҳан ареналарына мәмлекетимиздиң сиясий, экономикалық абройын көтере алатуғын ҳәр тәреплеме жетик қәнийгелерди таярлаў билимлендириў ислеринде баслы мәселе сыпатында қаралмақта. Бул усы тараўда хызмет етиўши өз исиниң маманы, шебер, қәбилетли оқытыўшы қәнийгелерди таярлаў менен ҳәр тәреплеме беккем байланыслы.

Бир қатар алдыңғы педагогикалық тәжирийбелерден бизге мәлим ҳәр бир тараўда шахстың жемисли мийнет етиўи, ис өнимдарлығы жоқары болыўы ушын, шахс өз таңлаған тараўы ҳаққында алдыннан беккем түсиникке ийе болыўы керек. Себеби қандай да бир искерлик түрин таңлаған адам сол кәсиптиң улыўма инсаныйлық принциплерге тийкарланған ҳалда жәмийеттеги атқаратуғын функциясын, кәсиптиң өзине тән айырмашылықларын, қала берсе шахс өзиниң жеке имканиятларын сол кәсип

пенен байланыстырыўы керек. Солай екен, ҳәр болажақ оқытыўшы қәнигелер бул кәсип ҳаққында, өзиниң бул кәсипке ылайықлылығы ҳаққында толық мағлыўматқа ийе болыўы лазым.

Оқытыўшылық кәсиби жоқарыдағы пикирлерден келип шыққан ҳалда қәнийгениң билимлендириў тараўында жемисли мийнет етиўи ушын арнаўлы түрдеги айрықша педагогикалық қәбилетти талап етеди. Яғный, *өзгелерге билим бериў мүтәжлиги, балаларды жақсы көриў сезими, шахстың жеке айырмашылықларын есапқа алыў, педагогикалық процессти дурыс бақлаў ҳәм билим алыўшылардың ис ҳәрекетлерин объектив, реал баҳалаў* бул тараўдың ис өнимдарлығына, билимлендириў сапасының жоқарылаўына алып келеди. Сонлықтан, оқытыўшы шахс өзиндеги өзгелерге билим бериў мүтәжлиги сезимин терең аңлаған ҳалда өз пәни бойынша билимлерин педагогикалық шеберлик, педагогикалық техника, педагогикалық қарым-қатнас элементлеринен пайдаланып, жеткерилиўши билимди көнликпе, уқыплылық дәрежесине толық жеткере алса, оқытыў процессиниң ис өнимдарлығы жоқарылайды. Соның ушын оқытыўшылық кәсибин таңламастан бурын бул кәсип мазмуны менен болажақ қәнийге толық таныс болса мақсетке муўапық болады. Себеби педагогикалық хызметте орын алған қәте кемшиликлерди мәлим бир ўақыт аралығында дүзетиў имканы жоқ. Бул бир пүтин шахс раўажланыўы, оның өмири, пүткил жәмийетлик нызамлықлар менен байланысады.

Белгили алым Е.А.Климов педагогикалық кәсип – мазмуны, тийкары, әҳмийети жағынан айрықша кәсип екенлигин атап өтип, илимпаз тәрепинен белгилеп берилген классификацияда педагогикалық искерлик тийкары екинши бир адам қатнасы менен тиккелей байлыныслы екенлигин дәлийиллейди. Яғный, *шахстың жеке раўажланыў процессин педагогикалық искерлик өними* сыпатында алып қарайды. Педагогикалық кәсиптиң дөретиўшилик искерлик пенен шуғыллыныўшы кәсиплер топарына кириўи менен бир қатарда, басқарыўшылар топарына кириўши кәсип екенлиги басқа кәсиплерден баслы айырмашылығы сыпатында көрсетеди. Педагогикалық

кәсиптиң тийкарғы мазмунында басқа адамлар менен қарым – қатнас мәселеси баслы орында турады, ал, ең тийкарғысы болса, бул искерликтиң мақсети жәмийетлик норма ҳәм талаплардан келип шығатуғынлығын илимий дәлийллеген.

Соның менен бирге, болажақ оқытыўшылар жоқарыдағылар менен менен бирге төмендегише педагогикалық кәсиптиң тийкарғы мазмунынан қураўшы инсанпәрўарлық, истиң дөретиўшилик характери, мийнеттиң жәмәәтлик характери сыяқлы тийкарғы өзгешеликлерин билиўи зәрүр.

**Инсанпәрўарлық –** инсанға өмирдиң байлығы сыпатында айрықша қарым – қатнас жасалыўы болып, педагогикалық хызметтиң инсанпәрўарлық характери басқа адамларға жәрдемге бәрҳама таяр болыўы, ҳүрмет көрсетиўи, ғамхорлық етиўи ҳәм қарым-қатнасы болып есапланады. Оқытыўшы педагогикалық хызмет даўамында билим алыўшылардың қызығыўшылығын ҳәм уқыбын, пикирлеўин ҳәм билимди өзлестириў дәрежесин, жасын ҳәм индивидуал айырмашылықларын есапқа алған ҳалда қарым – қатнаста болыўы керек.

**Дөретиўшилик –** руўхый ҳәм материаллық байлықлардың ийгиликли ислер ушын жаратылыўы. Дөретиўшилик педагогикалық хызметте баслы орын ийелейди. Педагогикалық дөретиўшилик ҳәр қыйлы жағдайларда өзгериўшең, раўажландырыўшылық мәселелерин шешиў процесси сыпатында түсиниледи. Оның басқа тараўлардан (илим, көркем өнер, техника ҳәм.т.б.) өзине тән өзгешелиги бар. Яғный, педагогикалық дөретиўшиликтиң тийкарғы мақсети тек ғана жаңа, айрықша, социал байлықты жаратыў болып қалмай, оның искерлиги, жемиси сыпатында ҳәмме ўақыт инсанның раўажланыўы болып есапланады.

Педагогтың алып барып атырған жумысы басқа муғаллимлер, шаңарақ ҳәм жәмийеттеги басқа тәсирлер менен де байланысы, бул педагогикалық искерликтиң **жәмәәтлик** характерге ийе екенлигин ҳәм оның айрықша хызмет түри екенлигин тастыйықлайды. Соның менен бирге, педагог жумысының нәтийжеси жәмәәттеги психологиялық климат ҳәм

муғаллимлердиң бирге ислесиў дәрежеси, олардың психикалық ҳәм физикалық раўажланыў жағдайына, турақлылығына да байланыслы.

Сондай-ақ, билимлендириў тараўында оқытыўшы шахсының педагогикалық - кәсипке бағдарланғанлығын ашып көрсетиўши айырмашылықлар сыпатында төмендегилерди көрсетип өтиўге болады:

- жәмийетлик - кәсиплик бағдарланғанлығы;
- кәсиплик-педагогикалық қызығыўшылығы;
- педагогикалық хызмет мотиви ҳәм педагогтың жеке кәсиплик позицияны белгилей алыўы;
- педагогикалық парыз  ҳәм жуўапкершилик;
- педагогикалық әдалатлық;
- педагогикалық шеберлик.

Бунда шахстын кәсиплик педагогикалық хызметке қарым - қатнасы, өз кәсибине болған қызығыўшылығы ҳәм ийкемлилиги, өз хызметин табыслы орынлаўға  болған умтылыўлары анық көринеди. Педагогтың кәсипке бағдарланыўы тийкарынан, өз кәсибине қызығыўшылығы, оның оқыўшыларға, ата – анаға болған унамлы қарым – қатнасы, педагогикалық билимлерди үйренип оларды атқарыўға умтылыўы, теориялық билимлерди әмелиятта қолланыўы арқалы тәжирийбелерди топлаў процессинде өсип барады ҳәм бул педагогикалық такт арқалы әмелге асады. Педагогикалык такт – бул муғаллим менен оқыўшының өз – ара қарым-қатнасында қәлиплесетуғын өлшем, педагогтың әдеби, кәмил инсанды тәрбиялаў ҳәм адамгершилик пазыйлетлерин өзинде жәмлеў арқалы педагогикалық хызмет нәтийжелилигине ерисиўи болып табылады.

Улыўма, оқытыўшылық кәсибиниң басқа кәсип түрлерине салыстырмалы ҳалда жәмийетте атқаратуғын функциясы ҳәм бул хызметтиң өзине тән айырмашылғын есапқа алып, бул кәсипке қызығыўшы, келешекте өз өмирин усы кәсип мазмуны менен байланыстырмақшы болған жасларды кәсип ҳаққында билим, көнликпелер менен қураллandырыў зәрүр. Сонлықтан

бул мәселе кең жәмийетшилик ўәкиллеринен илимий-теориялық жақтан жандасыўды талап етеди.

## ӘДЕБИЯТЛАР

1. Каримов И.А. Баркамол авлод – Ўзбекистон тараққиётининг пойдевори. - Т.: Шарқ НМАК, 1997. - 64 б.

2.Каримов И.А. Юксак маънавият – енгилмас куч. - Т.: Маънавият, 2008. - 176 б.

3.Ўзбекистон Республикаси ”Таълим тўғрисида” ги Қонуни / Баркамол авлод – Ўзбекистон тараққиётининг пойдевори. - Т .: Шарқ НМАК, 1997. 20-29 б.

4. Ўзбекистон Республикаси ”Кадрлар тайёрлаш миллий дастури” / Баркамол авлод – Ўзбекистон тараққиётининг пойдевори. - Т.: Шарқ НМАК, 1997. 31-61 б.

5. Алеўов Ө. Қарақалпақстанда тәлим - тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы (Қарақалпақ халқының педагогикасы тарийхы). - Н.: Билим, 1993. - 504 б.

6. Алеўов Ө., Утебаев Т., Қарақалпақстанда педагогика илиминиң қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы. - Т. : Фан ва технологиялар, 2007. - 128 б.

7. Абдимуратов П.С. Педагогикалық технология. - Н.: ҚМУ, 2003.-20 б.

8.Абдимуратов П.С. Муғаллим - Устаздың кәсип шеберлиги. - Н.: ҚМУ, 2012. - 32 б.

9. Аманашвили Ш.А. Размышления о гуманной педагогике. - М.: Педагогика, 1996. – 147 с.

10. Выготский Л.С. Педагогическая психология / Под ред. В.В.Давыдова. – М.: Педагогика, 1991 – 480 с.

11. Громова М.Т. Технология образовательных процессов. – М.: Педагогика, 1992. – 106 с.